13. Pan gumeter anjrit kang Sekar Duwijan,
suku manjing ing siti,
sacengkang kinetap,
kuda bareng manculat,
Wong Agung osik ing galih,
tuhu digdaya,
bener kang angrasani.

14. Pambobote yayi Prabu Kewusnendar,
"Payo kudhunga aglis!"

Parise malela,
ingsun genti anggada,
sira Raden kudhung aglis,
parise waja,
apan wajaning ejin.

15. Kadya sotya her gini ya tak kinetab,
kuda pun Sekar Duwi,
sarwi muter ingkang,
gada Usamadiman,
turangga aminger ngering,
mangsah anggada,
Wong Agung Jayengmurti.

16. Kadya gelap sayuta medal dahana,
gada geng tibeng tangkis,
anjrit kudanira,
Raden Bakdi Ngujaman,
tan osik astanireki,
surak gumerah,
mungsuh rowang mbarengi.

17. Kang ayuda antuk sisihing prawira,
rame denira jurit,
agada ginada,
surak kadya ampuhan,
gada wus tan migunani,
sareng ambuwang,
ing gadanira kalih.

18. Sareng narik pedhang sareng ngetab kuda,
minger anganan ngering,
gapyuk main pedhang,
dangu pedhang pinedhang,
adangu pating carengkling,
pating kalemprang,
kumemprang tibeng tangkis.

19. Sami kuwatira sami awasira,
sami wasis ing jurit,
sami kebatira,
ing tali tan kuciwa,
yen anyirig sami nyirig,
jojog adheyan,
ngatepang wedhar sami.

20. Langkung rame kang aprang sami sudira,
pedhang tan migunani,
sareng mbuwang pedhang,
sareng angambil cacap,
saking turangganireki,
cacap-cinacap,
dangu datan ngeneni.

21. Sareng sami mbuwang cacap ngambil rajang,
rajang-rinajang genti,
rajang sami rantas,
dangu ramening yuda,
tan ana kasoran kalih,
sareng tumedhak,
saking turangga kalih.

22. Jin titiga raja Miswan Raden Minsar,
lawan raja Jaswadi,
tan kena pareka,
lawan Sang Kakungingrat,
awak kadya den obori,
dadya anebah,
samya abisik-bisik.

23. "Lah puniku Wong Augng Surayengjagad,
tan owah wayah neki,
duk aneng Ngajerak,
kongsi wolulas warsa
awet nom Wong Agung iki,
kaya jejaka,

dhingin lan mengko sami."

24. Ya ta wau sareng denya tilar kuda,
sareng denya mrepeki,
gya candhak-cinandhak,
wangkingan iket pinggang,
anggetem tarik-tinarik,
sendhal-sinendhal,
rame rok silih-ungkih.

25. Lir ampuhan surake mungsuh lan rowang,
yayah nengker wiyati,
Wong Agung sinendhal,
njengkelang nora tiba,
Raden mantri yen tinarik,
kontal kajengkang,
samya wangsul nggen malih,

26. Dyan Wong Agung jinunjung-junjung tan obah,
suku rapet lan siti,
malih pan ingangkat,
kinuwatken pangangkat,
anggetem Rahaden Mantri,
marentul kang rah,
saking pucuk dariji.

27. Sukunira saking kuwating pangangkat,
sacengkang ambles bumi,
sakala kabrengkal,
anjunjung tan kuwawa,
Wong Agung pasrah ing batin,
'Lah iki baya,
kang mateni ing mami.

28. Durung ana para ratu soring wiyat,
mbarengkal adeg mami,
pasrah ing Hyang Suksma,
merem ing sanalika,

wau Sang Suryangbumi,
dangu mungsuhnya,
tan ana njujung malih.

29. Tiningalan maksih ngadeg ngarsanira,
sigra cinandhak aglis,
iket pinggangira,
sarwi nolih ing wuntat,
Marmaya nampeni wangsit,
topong binuwang,
sawadya tutup kuping,

30. Sigra narik Wong Agung sarwi apetak,
katarik wus tininggil,
ingikal neng asta,
mubeng kadya likasan,
ingayat meh tibeng siti,
wau kang prapta,
Ni Dewi Kuraisin.

31. Nyandhak ingkang rayi sarwi njrit karuna,
kagyat Sang Jayengmurti,
ucul saking asta,
lir tinebak mong tuna,
mulat putra Nata Dewi,
asru ngandika,
"Heh Nini sira prapti.

32. Saka ngendi lawan rare iki sapa?"
kang putra maksih nangis,
"Adhuh ariningwang,
katuwon temen sira,
bayine linabuh jladri,
wus dadi bocah,
arsa mati binanting."

33. Duk miarsa wau tangise kang putra,
kumepyur ngandika ris,

"Ninia ajarwaa,
iki ta rare sapa?"
ingkang putra awot sari,
"Rayi paduka
jeng ibu den wangsiti.

34. Kangjeng eyang Bagindha Kilir sung warah,
'Nini Ismayawati,
sira cangkramaa,
marang Laut Suwangsa,
prajane raja Jaswadi,
anyandhangana
kendhaga mas kang keli.

35. Kombak-kombul iku sira tadhahana,
ing jro isi bebayi,
gya sira pupua,
iku ingkang puputra,
lakimu Sang Jayengmurti,
patutan lawan,
putri ing Kaelani.

36. Kelaswara mbabare bayi konduran,
sedane raja putri,
Kelan Kelaswara,
rarene winadhahan,
ana ing kendhaga rukmi,
linabuh marang,
Laut Suwangsa Nini.'

37. Nunten ibu inggih anglampahi tedah,
ing njeng Bagindha Kilir,
mring Laut Suwangsa,
cangkrama lan kawula,
tan dangu kendhaga keli,
ibu anyandhak,
binuka isi bayi.

38. Mawa cahya Ibrahim jroning kandhaga,
nugrahaning Hyang Widdhi,
cirining kandhaga,
putrane Kelaswara,
putra adi Kaelani,
ibu karuna,
tan saged aningali.

39. Nunten manggih inya prameswari Miswan,
Jim wungu Jonggiraji,
kang kinarya emban
Sang Prabu ing Suwangsa,
kang nama raja Jaswadi,
manggih palihan
Raden Minsar amanis.

XXVI. RADEN BANU KELAN NGABEKTI DHATENG RAMA WONG AGUNG.

Dhandhanggula

1. Ingkang rama waspane dres mijil,
Nata Dewi ngandika ri nira,
"Kulub ngabektia age,
ya iku wong tuwamu!"
Raden sigra mangsah ngabekti,
rinangkul mring kang rama,
ngempit sirahipun,
Marmaya Maktal gya prapta,
Bawadiman lawan Prabu ing Yunani,
winartan langkung suka.

2. Tinetegan mundur kang ajurit,
rajeng Dhayak Kulub lan Kalkiyah,
nyana kapupu srayane,
samya lit manahipun,
dene ingkang badhe ngentasi,
kasambut ing ayuda,
Raden Ibnu Laut,
getering tyas ratu mengsah,
pan Wong Agung makuwon putra kinanthi,
praptane pasanggrahan.

3. Ngandika mring putra Kuaraisin,
"Nini tetepe ingaran sapa?
Hiya marang ibuné,"
Kang putra nembah matur,
"Inggih Raden Iman Karneni,
Iman puniku mila,
ing pangandelipun
denya anglampahi tedah,

Karnaeni darbe parengan kekalih,
bapa inya lan emban.

4. Sami ratu anagri pribadi,
ratu emban praja ing Suwangsa,
raja Jaswadi namane,
bapa myang ibunipun,
raja Miswan ing Jonggiraji,
palihan Raden Minsar,
putranta duk timur,
tigang wulan neng Suwangsa,
tigang wulan malih aneng Jonggiraji,
salamine mangkana.

5. Nenggih Raden Iman Jonggiraji,
lawan Raden Iman ing Suwangsa,
Jaswadiputra barabe,
dene wasiyatipun,
kangjeng eyang Prabu San Harim,
'Wayah ngong sun wasiyat,
ing paparabipun,
ya Raden Bakdi Ngujaman.'
Abu Laut kawula kang memarabi,
Rahaden Umi Kelan,

6. Wasiyate Kangjeng Nabi Kilir,
inggih dene ibu saking Kelan,
Amir-atmaja wastane,
dene Ismayasunu,
kang marabi kaki San Asil,
nama Kadha Kenaka,
lan Banjaransantun,
lan Raden Amirkusmara,
kang marabi inggih paman Sadad Satir,"
gumujeng duk miarsa.

7. "Putraningsun nugrahaning Widdhi,
wong tuwane Ngajerak sadaya,
ndhawuhken samya geng sihe,"

Bawadimna wotsantun,
"Putra tuwan kekasih Widdhi,
pratandha ibu seda,
kala mbabaripun,
kalihe sinung utama,
ingkang ibu misesa ing sawarga di,
putra lalanangingrat.

8. Lawan sinungan Cahya Ibrahim,
mila kalihipun Kabibullah."
Wong Agung langkung sukane,
kuneng malih winuwus,
ingkang kari sajroning puri,
sagung kang para garwa,
miwah para sunu,
Marpinjun tataken warta,
samya ngumpul nggening Putri Parangakik,
para putra lan garwa.

9. Retna Marpinjun alon denyangling,
"Kaya paran wartaning payudan?"
Sudarawreti nulya ge,
ngandika kang dinangu,
sira Raden Kasim Kuwari,
"Kulup sira duk prapta,
titinjo wakanmu,
raja Kemar kapracondhang,"
matur nembah Rahaden Hasim Kuwari,
"Pun Uwa raja Kemar.

10. Saweg wonten dhanganipun kedhik,
nateng Kandhabuwana meh pejah,
mengsahipun maksih rare,
satriya luwih bagus,
lawan kula ibu ndha-undhi,
boten kaot sawarsa,
inggih kaot bagus,
mengsah punika kalintang,

pekikipun nyirnakken langen sabumi,
la-ela pramudita.

11. Ratu ageng-ageng den bantingi,
wus binanting lajeng binuwangan,
punika sami erame,
sing amagut kapikut,
sing amangsah susah pinanggih,
paman Prabu Yujana,
prandene kapupu,
lan ature Kewusnendar,
kanjeng rama yen amung ngaben para ji,
pasthi risak sadaya."

12. Sru ngandika putri Parangakik,
"Payo yayi Karsinah dandana,
mungsuh iki bot sanggane,
payo age tutulung,
wruhanira Hasim Kuwari,
wangsite ramanira,
ing nguni maring sun,
wong tetelu iki padha,
sudibayane lawan wong tuwanireki,
amung kacek pepetak.

13. Pamanira Parangteja nenggih,
lan Tamtanus katri Kewusnendar,
binobota nora melet,
sabarang kaliripun,
amung kacek pepetak pasthi,
tinitah ngrata jagad,
parentah Hyang Agung."
dereng wus ingkang rinembag,
pan kasaru wonten caraka kang prapti,
saking ing pabarisan.

14. Praptanipun aparing udani,
lamun mengsah kang awrat sinandhang,

mikut ratu gedhe-gedhe,
ambanting mbuwang sebrung,
pan ing mangke sampun kajodhi,
dening raka paduka,
nanging jebulipun,
putranipun Kelaswara,
kang linabuh aneng telenging jaladri,
kapanggih dipun sarah.

15. Inggih dhateng Dyah Ismayawati,
rare agenge wonten Ngajerak,
Ismayawati ibune,
sinungan emban ratu,
ing Suwangsa raja Jaswadi,
mila Jaswadiputra,
ing paparabipun,
paduka sami ngandikan,
ngurmatana dhateng putra ingkang prapti,
lan kang raka Ngajerak.

16. Duk miyarsa Putri Parangakik,
Putri Karsinah sami karuna,
kagagas katon warnane,
Kelaswara kang lampus,
nora ana igkang nungkuli,
mamaru dadi kadang,
lair batinipun,
gumredeg rata jempana,
mawurahan budhal saking ing nagari,
sagunging garwa putra.

17. Gumer ing Kusniya Malebari,
sami nusul marang jaban kutha,
sanagara oyag kabeh,
yen putra kang linabuh,
neng samodra dadi prajurit,
nama Jaswadiputra,

wau lampahipun,
para garwa para putra,
pabarisan Ngambar Simun pareng prapti,
lajeng maring ngajengan.

18. Putri Parangakik malayomi,
kang sandhing Kuraisin cinandhak,
lajeng kinempit sirahe,
Kurisin ngraup suku,
mring kang ibu Sudarawreti,
karuna asesambat,
ingkang sampun lampus,
"Ariningsun Kelaswara,
patinira ora ana kangn nungkuli,
katuwon temen sira.

19. Sutamira linabuh jaladri,
ariningsun babo tingalana,
iki apekik warnane,
cahya nuksmeng sitengsu,
ngilangaken langen sabumi,
Prawira widigdaya,
ing aprang pinunjul,
aringsun Kelaswara,
mendahane menangana kaya mami,
padha amomong putra.

20. Marunira kabeh momong siwi,
amung sira dhewe kang palastra,
ariku wong pantes dhewe,
wong guna kasap lembut,
prak atine angrespateni,
Kulup ngaliheng sira,
sektine ibumu,
kabeh tininggal neng sira,
eyangira linabuh aneng jaladri,
manjing ing kukumira.

21. Prabawane eyangira gusti,
darajate ngumpula ing sira,
dadiya prajurit gedhe,
ing parmudita punjul."
Duk miarsa Sang Jayengmurti,
tumungkul rawat waspa,
karaos ing kalbu,
kang para garwa sadaya,
pijer ngrubung anangisi Raden Mantri,
gumuruh sapawongan.

22. Wusnya dangu luwaran kang tangis,
wus tinata denya lelenggahan,
kang rama lontimbalane,
"Kabeh iku ibumu,
kakangira tetiga iki,
kang siji arinira,
Kasim Kuwariku,"
Sigra mangsah raden putra,
ingkang ibu sadaya den ngabekteni,
tuwin kang raka-raka.

23. Angandika Putri Parangakik,
"Kuraisin babo putraningwang,
gaib-gaib ing panggawe,
sapa kang nyana iku,
karsaning Hyang Kang Murbeng Bumi,
tinampan ing Ngajerak,
pinesthi ibumu,
sayekti sagung pratingkah,
kanisthane apese wong Puserbumi,
mulya saking bunira.

24. Mendah wruha ibunira kaki,
marang anggepe Ni Kelaswara,
sembadane pratingkahe,
pantes lan dhapuripun,

respatine yen andon jurit,
pantes lan ambek pejah,
wanter nora nguthuh,
apik nora ngel tinampan,
kebat cikat terampil rikat patitis,
wruh nistha lan utama.

25. Lan kang rama agung apradondi,
rama nistha kang putra utama,
Kelaswara panggonane,
tinarimeng Hyang Agung,
ing sucine sucining kapir,
angkuhi utama,
nulya na pitulung,
ing Suksma pinaring iman,
dupi nyandhak iman sakala ambalik,
kolu amungsuh bapa.

26. Kaya iku sedane ri mami,
pisahingsun pisah ramanira,
ing murtate wong tuwane,
lingsem maring Hyang Agung,
kudu mati ngungsi ing Widdhi,
lawan takdire uga,
iku purwanipun,
duk urip duk tetunggalan,
arinira iku sun srahaken kalih,
ki Sustam ki Jayusman.

27. Saking Nini entek tangguh mami,
Kelaswara putri soring wiyat,
datan ana totondhene."
suka kang sami ngrungu,
Raden Mantri waspanya mijil.
purwane ibunira,
sakathahing wuwus,
pirapet pisedhepira,

hurmat sukanira sira Raden Mantri,
ilang asmaranira.

XXVII. RADEN BANU KELAN DIPUN PARINGI NAGARI KELAN.

Asmaradana

1. Ya ta wau Raden Mantri,
pinaringan nagri Kelan,
pulang kandhang kang aduwe,
wong Kelan suka kalintang,
sagunge pra santana,
punggawa satriya ratu,
mantri wus pulih tyasira.

2. Wonten limang atus nenggih,
ratu kang dede santana,
tetep kawula tegese,
wonten pra ratu santana,
sami cangkok nagara,
liya saking patang atus,
satus wewolu gungira.

3. Wonten limang atus malih,
para ratu nagri Kelan,
kang nak sanak lan ibune,
ratu patang puluh sanga,
ratu kang sanak misan,
sawidak pra ratu agung,
punggawane patang leksa.

4. Sakethi kang para mantri,
mantri ing Kelan sadaya,
liya kang para mantrine,
sagung para raja-raja,
kathah yen cinatura,

wadya Kelan wuwuhipun,
mantep ingkang pitung yuta.

5. Mulane kocap ing nguni,
raja Kelan bandhu bandha,
dene bala santanane,
ing mangke prajurit Kelan,
samya ageng tyasira,
Gajah Biher sutanipun,
ingkang kinarya papatya,

6. Sedheng taruna prayogi,
Kya Patih Gajah Sawerdan,
Gajah Biher tuwa kinon,
atengga nagari Kelan,
Wau Rahaden putra,
sinrahken kawruhanipun,
wong agung ing Parangteja.

7. Kang among ingkang ngawruhi,
apan dudu bapa emban,
Bapa sesilih tegese,
dene emban tetep lama,
Ratu jin ing Suwangsa,
raja Jaswadi puniku,
Hiya emban bapa angkat.

8. Tuwin Prabu Jonggiraji,
raja Miswan datan owah,
Raden Minsar palihane,
tan pisah pamomongira,
wadya jin kalih praja,
bebektane ingkang ibu,
cinatur Raden Suwangsa.

9. Yen arsa panggih buneki,
Ismayawati Ngajerak,
raja Jaswadi kang nggendhong,

yekti manungsa kajiman,
Raden Bakdi Ngujaman,
Mangkana ingkang winuwus,
rajeng Dhayak Yaplulawal.

10. Enjing miyosi ngajurit,
kalangkung bramantyanira,
dene kapupu Rahaden,
mung iku kawruhanira,
mila sanget dukanya,
gumredeg barise metu,
sampun kapang akalangan.

11. Kalbujer sedya ngawaki,
sampun anitih dipangga,
wadya Rab wus mijil kabeh,
miranti tepung akapang,
tan owah rakitira,
Wau sang prabu ing Kulub,
kalbujer nengah ing papan.

12. Prapteng rana nguwuh tandhing,
"Metua Sultan Kuparman,
iki ta raja Kalbujer,
ing Kulub kedhatoning wang,
lalajere ranangga,
ratu suruhan gegedhug,
srayane sang rajeng Dhayak.

13. Tate amungkasi kardi,
Lah den age Jayengrana,
metua aprang lan ingong,
apragola ngaduyasa,"
suka kang sami myarsa,
suraking bala gumuruh,
kadya kang wiyati rebah

14. Sang Raja Sarkab ing Turki,
amit ingiden umangsah,
nitih turangga sang katong,
kawot sakapraboning prang,
surak bala Kuparman,
prapta ing papan wus pangguh,
kang aprang wus yaun-ayunan.

15. Sang Rajeng Kulub sru angling,
"Sapa aranmu narendra?
mapagaken yudaningong."
Suamur kang tinakonan,
"Ya ingsun raja Sarkab,
ing Turki nagaraningsun,
ratu andeling ayuda."

16. Raja Kalbujer sru angling,
"Mundura sang raja Sarkab,
tan patut tandhing lan ingong,
endi Sultan ing Kuparman."
Angling sang raja Sarkab,
"Ingsun wus tate nalikung,
ratu ingkang kaya sira.

17. Sagendhingmu ing ajurit,
sun watara nora cuwa,"
bramantya raja Kalbujer,
"Hiya ingsun nora sotah,
aprang kawalan sira",
raja Sarkab Turki muwus,
"Mangsa ta ingsun mundura.

XXVIII. WADYA DHAYAK SENGARI MANGSAH PRANG MALIH

Durma

1. Nora kena sira ngucap gustiningwang,
yen misih urip mami,
Payo ratu laknat,
apa kang aneng sira,
sabudimu sun tadhahi!"
asru ngandika,
"Sira meksa ngajurit.

2. Lawan ingsun payo kudhunga sun gada,"
Kudhung sang rajeng Turki,
parise malela,
ginada sarwi senggak,
murub parise metyagni,
sang raja Sarkab,
males anggada aglis.

3. Dadya rame prangira gada-ginada,
samya kuwating tangkis,
rosaning panggada,
kadya gelap barungan,
Wau Patih Abunandir,
nusul manglaga,
amatak ngelmuning jin.

4. Pan sakala Bunandir datan katingal,
ngimbangi kang ajurit,
wau raja Sarkab,
rame gada-ginada,
raja Kalbujer angambil,
puputhon emas,
samaja gengireki.

5. Saking kanthong saruwal kemating aprang,
ginutuk Sarkab Turki,
gumadhug kang jaja,
tan wruh sangkaning balang,
aniba sang raja Turki,
angthang-athang,
kantaka sri bupati.

6. Ginosongan Bunandir tumut mbebayang,
susumbar nguwuh tandhing,
Kalbujer angakak,
"Payo prajurit Ngarab,
Barenga aja sarenti,
kang para raja,
rebuten sun ing jurit!"

7. Rajeng Kulub Kalbujer wudhu ing aprang,
Wau ta duk miarsi,
amit mring kang rama,
tuwin mring mara tuwa,
ingiden miyos ing jurit,
Raden Jayusman,
mengsah wahana hesthi.

8. Imankabir dipangga idhep ing janma,
saking ing Malebari,
paringe kang rama,
Sang Prabu Bawadiman,
apancal kang ponang hesthi,
suku sakawan,
sacengkang ingkang putih.

9. Duk baledug pun Iman kabir binekta,
martapa aneng wukir,
mangkya kang dipangga,
pinaringken kang putra,
Raden Jayusman miyosi,
kapraboning prang,
kawot luhuring hesthi.

10. Ingkang ibu memanuki lan kang raka,
Ngajerak raja putri,
saking katebihan,
Abunandir tut wuntat,
nanging ta datan kaeksi,
Rekyana Patya,
mbekta pepukul wesi.

11. tigang asta. Raden wus prapteng payudan,
surak gumuruh atri,
kadya nengker wiyat,
angsahe raja putra,
prajurit ing Parangakik,
kang sineliran,
turangga kalih kethi.

12. Kang asaos yen gustine sor ing aprang,
angamuk bela gusti,
kajawi punggawa,
miwah kang para nata,
kang wahana wus miranti,
muntab malatar,
munggeng wurining baris.

13. Yun-ayunan Kalbujer asru tatanya,
"Sapa ranmu prajurit?
abagus taruna,
durung sedheng mangun prang,"
Raja putra anauri,
"Heh wruhanira,
Raden Jayusman mami.

14. Ing samengko putra lanang kang atuwa,
Kalana Jayengmurti,
jeng Sultan Kuparman,
hiya ingkang patutan,
putri saking Parangakik,
Putri dandanan,

prawira ing ajurit.

15. Nadyan silih tirua ibu digdaya,
tate mbanda para ji,
undhagi ing driya,
prawira mandraguna,
Payo ta sri narapati,
sapa ranira?"
Sumaur: "Hiya mami,

16. rajeng Kulub Kalbujer ratu digdaya,
Hiya den ngati-ati,
Jayusman sun gada,
kudhunga bandabaya!"
Raja putra masang tangkis,
sineleh sirah,
gajah pun Iman kabir.

17. Sira raja Kalbujer angangkat gada,
sarwi amarepeki,
saksana anggada,
hesthine Raden putra,
kena kapinjale kering,
kumbaning liman,
kena pun Iman kabir.

18. Paris kontal anglumba metoni bedhat,
meta pun Iman kabir,
anubruk ing mengsah,
gundam dipangganira,
Kalbujer bakuh ngukuhi,
nggada ping tiga,
winales sri bupati.

19. Pulet uwal Kalbujer tangkis legawa,
ngadeg Raden ambindi,
kuwat panggadanya,
sigar parisanira,

Kalbujer sigra angambil,
puputhon emas,
Sira Patih Bunandir.

20. Sareng ngangkat astane arsa ambalang,
rikat Patih Bunandir,
astane sang nata,
ginitik saking wuntat,
ing rotan wesi kinardi,
Puthon mas gigal,
jimpe astanireki.

21. Ngenthel tyase dene kemate kawruhan,
nulya ginada malih,
sirahing dipangga,
pecah tiba kaplesat,
kantaka gumuling siti,
wus tinunggangan,
Dening patih Bunandir.

22. Tinalenan binabayang mundur sigra,
Dening Patih Bunandir,
sang nata katawan,
surak kadya ampuhan,
ya ta kasaput ing wengi,
wus tinetegan,
mundur kalih kang jurit.

23. Awurahan baris akelangan,
gustine sor ing jurit,
wadyeng Kulub samya,
gustine kang katawan,
santana pra samya nangis,
pakuwonira,
wadya Kulub angisis.

24. Raja Kulkul Kalkiyah lajeng bujana,
ing pakuwonira ji,

Prabu Yaplulawal,
lan Prabu Sindhangdhayang,
gunem tingkahing ajurit,
Kulkul atanya,
"Kakang patih Dabatil,

25. Sapa ingkang mengsah ngasorken ambanda,
kakang Kalbujer nenggih?"
Dabatil turira,
"Inggih Raden Jayusman,
patutan ing Parangakik,
sekti prakosa,
sampun amucung jurit."

XXIX. NGREMBAG GELARING PRANG

Pucung

1. Asru muwus ing Kalkiyah raja Kulkul,
"Paran mbenjang-enjang,
punapa gelaring jurit,
yen amunga prang tandhing boten kuwawa."

2. Alon matur sira sang raja Pangindrus,
"Yen inggih kawula,
penet garubuh ing jurit,
yen wus kuwur antuk ngempakaken kemat.

3. Salamine rembagan sang rajeng Kulub,
manjingaken kemat,
pangidhu prahara tarik,
yekti mangsah sagung bala brekasakan.

4. Ilu-ilu kalunthuh padha jumrunuh,
pan puniku bala,
ratune katawan sami,
sentanane ingajak ngamuk angrebat."

5. Sami rembug sira Yaplullawal Prabu,
myang rajeng Kalkiyah,
Wuwusen Patih Bunandir,
kang anukma marang pakuwoning mengsah.

6. Wus angrungu kabeh sarembuging mungsuh,
yen arsa prang cidra,
garubuh ing benjing-enjing,
ngempakaken kemate wong Sindhangdhayang.

7. Wusnya putus Bunandir anulya wangsul,

mring pakuwonira,
wong agung ing Ngalabani,
Kyana Patih Bunandir atur uninga.

8. Lajeng matur Bunandir saaturipun,
mring sang Kakungingrat,
sigra denira ngundahngi,
yen besuk prang prajurit ingkang wahana.

9. Samektesuk Wong Agung parentahipun,
mring sagunging bala,
wong Dhayak ing benjing-enjing,
Hiya padha rumeksa ing upacara.

10. Padha tunggu palangkane gustinipun,
dene kang ajaga,
prang cidrane Nata Dewi,
lan kang rayi Pangeran Bakdi Ngujaman.

11. Iki mungsuh ngangsahken bala lelembut,
pan sampun apungkas,
sakathahe kang pinikir,
para putra angukuhi wadya dharat.

12. Dene sagung atmajane para ratu,
samya angirida,
pamuke wadya turanggi,
ingkang liya turangga pinangku rama.

13. Bihal senuk blegdaba memreng karenthu,
dalu tan winarna,
ya ta kawuwusen enjing,
atengara mijile baris malatar.

14. Pan Wong Agung neng wijohan palowanu,
sagung para nata,
wadyane ingkang turanggi,
kadya alun gumulung samya met papan.

MILIK PERPUSTAKA
DIREKTORAT TR
DITJEN NBSF DE

15. Barisipun beda lawan wau-wau,
kendhih dening kuda,
Prajurit Dhayak Sengari,
samya ngungun wong Kuparman salin gelar.

16. Wus angumpul Nata Dewi lan kang ibu,
mungsuh tan miarsa,
Retna Dewi Kuraisin,
ingkang badhe nampeni kemating mengsah.

17. Samya metu kang para narpati mungsuh,
barise malatar,
manjing ing gelar wus kesthi
samya ngadhep nganti dhawuhing parentah.

18. Sira Prabu Yaplullawal raja Kulub,
wus munggeng wahana,
bakarles sungu bang gadhing,
munya barung titihane rajeng Dhayak.

19. Sirah lembu awak macan gung aluhur,
raja Sindhangdhayang,
Pangindrus nitih jenggiri,
awak naga sirahe menjangan ranggah.

20. Mawi apus kakapa kasuran pitu,
tatali marapat,
bakuh binayut belandhit,
yen pinancal dengkeng undurira milar.

XXX. PERANG BRUBUH

Durma

1. Ngawe bala sasmita sareng umangsah,
rajeng Dhayak Sengari,
Sang Prabu Kalkiyah,
lan patih Sindhangdhayang,
bareng ngamuk sawadyeki,
wendran ayutan,
tan nana kang turanggi.

2. Bala Arab anon ing mungsuh umangsah,
sareng mangsah nadhahi,
Sri Bupati Kebar,
prajurite turangga,
sakethi kang nitih hesthi,
lan kalih leksa,
ngirid bala ngawaki.

3. Rajeng Kandhabumi wadyane turangga,
pan kalih tengah kethi,
kalih tengah leksa,
prajurit munggeng gajah,
mangsah rajeng Kandhabumi,
angirid bala,
ngawaki nempuh wani.

4. Prajurite Sang Aprabu Kewusnendar,
turangga tigang kethi,
gajah tigang leksa,
senuk blegdaba bihal,
sakethi kang manca warni,
nateng Yujana,
ngirid bala ngawaki.

5. Ingkang kanin sadaya ingkang waluya,
sang prabu ing Ngabesi,
wadyane turangga,
patangkethi gembira,
patang leksa nitih hesthi,
angirid bala,
Sadad Kadarismani.

6. Datan kena winuwus prajuritira,
mung sagung kang pangirid,
sagung para nata,
kuda yutan awendran,
abaran kiman prajurit,
gajah ewonan,
magute kang prajurit.

7. Kadya bumi atangkep lawan akasa,
Wadya Rab ingkang wuri,
sangsaya gung prapta,
kadya samodra pasang,
lir wangan nempuh jaladri,
kang wadya Dhayak,
ingurugan papati.

8. Prapta riwut palagan aliru papan,
istijrat andhatengi,
gumludhug ngawiyat,
sindhung angkara bajra.
tedhuh riris awor angin,
bala lelembat,
kang sami mangsah jurit.

9. Nata Dewi lan ari Bakdi Ngujaman,
ing reh wus amiranti,
Bapa kalih samya,
tan tebih lan kang putra,
mungsuh prahara kabalik,
bingung kang aprang,
rame awowor titih.

10. Ingkang gada-ginada pedhang-pinedhang,
ana cangking-cinangking,
kang sendhal sinendhal,
miwah rajang rinajang,
acaruk cacap calimprit,
paworing aprang,
mungsuh rowang keh mati.

11. Kadya guntur sakethi yuta ruhara,
Dhedhet madyaning jurit,
raja Yaplullawal,
nyarampang nyawat pedhang,
eca neng titihaneki,
salukun gada,
nyamber akeh kang tapis.

12. Sira raja Jaswadi lan raja Miswan,
miwah Patih Bunandir,
awor jin wus bisa,
nempuh nanggulang mengsah,
lelembat kang den tadhahi,
rame puyengan,
wau sang Nata Dewi.

13. Yaplullawal jinemparing ing trisula,
winuwung saking nginggil,
sang prabu ing Dhayak,
kacundhuk sirahira,
tancebing trisula manjing,
telak mangandhap,
pan kadya den sunduki.

14. Pundhak kalih kena kipinging trisula,
tumancep anunduki,
aniba sang nata,
bakarlese pinedhang,
mati ing raja Jaswadi,
sang rajeng Dhayak
awake den irisi.

15. Nanging ingkang trisula tetep neng sirah,
lawan pundhake kalih,
malih geng angganya,
trisula milu mekar,
tan bisa umangsah jurit,
abiyang-biyang,
astane kalih mati.

16. Dene cawang trisula manjing ing pundhak,
mila astane mati,
ebat kang tumingal,
saparan rembyah-rembyah,
tan ana bisa nguculi,
lelembut giras,
mulat gustine kanin.

17. Nateng Sindhangdhayang pan sampun kacandhak,
dening raja Jaswadi,
binating ing sela,
pejah dadi reksasa,
pinanah Patih Bunandir,
jajane pecah,
niba angolang-aling.

18. Abunandir wus antuk wewulangira,
Wong Agung Jayengmurti,
"Sapisan kewala,
sira pasthi palastra!"
Pardiyusuta ambanting,
ing badanira,
ajur ing sela miring.

19. Raja Kulkul mati pinacas ing padhang,
dening Rahaden Mantri,
pangeran ing Kelan,
gusis mungsuh sarsaran,
sang rajeng Dhayak Sengari,
pejah tan pejah,

tetep dadi memedi.

20. Lamun ana memedi cundhuke panah,
tuwin pundhake kalih,
iku rajeng Dhayak,
sanggone rembyah-rembyah,
tan ana bisa nguculi,
ingkang angruwat,
yen tan gambuh ing jurit.

XXXI. WADYA DHAYAK SENGARI KASOR YUDANIPUN

Gambuh

1. Akeh babandan ratu,
   miwah babandaning punggawa gung,
   kang wus nungkul pra samya dipun uculi,
   Nata Dewi sigra niyup,
   manggihi sang prabu karo.

2. Miwah kang rayi sampun,
   sira Rahaden Ismayasunu,
   wus apanggih kalawan Prabu Yunani,
   ngandika Sang Retna Prabu,
   dhateng paman prabu karo.

3. "Inggih sirnaning mungsuh,
   lan wadyane punggawa gung-agung,
   kula pasrah dhateng paman Prabu kalih,
   yen suwawi kalihipun,
   jajaraha mring pakuwon.

4. Lawan punggawanipun,
   nagri ingkang sekawan pengayun,
   Sindhangdhayang lawan ing Dhayak Sengari,
   nagri Kalkiyah lan Kulub,
   kula mantuk amakuwon.

5. Mangke lamun dinangu,
   ing kangjeng rama kula umatur,
   lamun paman Yujana lawan Yunani,
   sami ngentosi kang kantun,"
   sandika kalih sang katong.

6. Wau sang Retna Prabu,

lawan kang rayi ngirid ing pungkur,
prapta ngarsanira ingkang rama sami,
tur sembah kalih wot santun,
sumungkem ing pada karo.

7. Matur sirnaning mungsuh,
kathah bebandan kang para ratu,
paman kalih ingkang sami angentosi,
Kewusnendar lan Tamtanus,
titilare paman katong.

8. Tan antara prapta wus,
Kewusnendar lan Prabu Tamtanus,
lan sagunge pra ratu ingkang pangirid,
anadhahi ing prang pamuk,
samyangsal babandan katong.

9. Katur ing Jayengsatru,
nagri sakawan pangajengipun,
kang tetiga ratune ingkang ngemasi,
satunggal rajeng ing Kulub,
ingkang binanda binoyong.

10. Papatih kalih nungkul,
papatihira Sang rajeng Kulub,
Sindhangdhayang pun patih Dhayangunari,
lan patih Dhayak anungkul,
Patih Dabatil ponang wong.

11. Lan pra dipatinipun,
mangkana wau Sang Jayengsatru,
kinen medalaken para ratu katri,
saking ing panjaranipun,
katiga wus samya miyos.

12. Prapta barisan sampun,
alon ngandika wau Wong Agung,
"Heh sang ratu katri kang katawan jurit,

apa ta sedyanireku,
apa urip apa layon?

13. Lamun anedya lampus,
nuli ingsun pateni sireku,
yen anedya urip salina agami,
jeng Nabi Ibrahim iku,
yen tuhu milu maringong."

14. Matur sang rajeng Kulub,
lawan ta sira sang rajeng Ngusur,
katigane sang rajeng Rukmadameki,
nuhun urip aturipun,
datan lenggana sapakon."

15. Sinadataken sampun,
Nabi Ibrahim agamanipun,
wusnya ngucap sigra denya anguculi,
samya nembah nguswa suku,
pinaringan manis enggon.

XXXII. RADEN JAYUSMAN KAJUMENENGAKEN NATA ING MALEBARI

Dhandhanggula

1. Pinaringan palenggahan sami,
ngantukaken ing karatonira,
ing Kulub raja Kalbujer,
sang Dirkudahaneku,
Rukmadama karatoneki,
rajeng Ngusur kinarya,
anggentosi Kulkul,
jumeneng aneng Kalkiyah,
ratu agung Kalkiyah raja Dukyadis,
dening Ngusur nagara.

2. Wonten arine raja Dukyadis,
wus pinundhut mring sang Kakungingrat,
Raden Dukyanis namane,
kinarya ratu Ngusur,
wus paparab raja Dukyanis,
langkung marwata suta,
kalih ciptanipun,
utang pati utang wirya,
nugrahan geng ing urip tan den wuwuhi,
karaton kaluhuran.

3. Patih Dhayak ki Patih Dabatil,
wus kinarya ratu nagri Dhayak,
raja Dabatil namane,
ing Sindhangdhayang iku,
papatihe kinarya aji,
Dhayangunari nama,
nanging kalihipun,
kinen sami angidhepa,

kalih pisan maring patih Abunandir,
winuwuhan paparab.

4. Patih Ngaenan kami Bunandir,
ratu Dhayak ratu Sindhangdhayang,
samya pratandha kalihe,
nyaosi gamelipun,
rajeng Sindhangdhayang lan patih,
Dhayak Sengari raja,
ing pangidhepipun,
nyaosi penandhonira,
mring Ki Patih Ngaenankami Bunandir,
ngestreni pasamuhan.

5. Wus mangkana jarahan binagi,
dene sagung para raja-raja,
donyane lan wong wadone,
apangkat pandumipun,
ratu ngarsa miwah pawingking,
Sang Prabu Bawadiman,
wau kang winuwus,
kang putra Raden Jayusman,
pan jumeneng ing Kusniya Malebari,
denya ngluwari ujar.

6. Arsa mangun kapandhitaneki,
mukim dhedhekah ing pulo Barjah,
pan sampun lami kajate,
mring kang raka wus katur,
mumpung Ki Seh Wahas Medayin,
maksih neng pulo Barjah,
pininta pangestu,
Wong Agung ngandikeng putra,
"Kuraisin sira utusana mulih,
marang nagri Ngajerak.

7. Tur uninga mring ibumu Nini,
tuwin hiya marang eyangira,

kalamun iki wayahe,
sun adegaken ratu,
ki Jayusman pasrahe ugi,
wong tuwane magawan,
mandhita dhudhukuh,
sira suwuna paparab,
karatone neng Kusniya Malebari,"
kang putra tur sandika.

8. "Lan ibumu aturana Nini,
kang ngangkata marang arinira,"
kang putra sandika ture,
umesat duta mabur,
Dyan Wong Agung sigra ngundhangi,
mbuburu iwak wana,
miwah samodra gung,
kali-kali kang bengawan,
kinarakat wau Kya Patih Bunandir,
parentah pra dipatya.

9. mBusanani sajroning nagari,
sagunging reh sampurna sadaya,
wuwusen wau dutane,
marang Ngajerak rawuh,
katur marang sang prabu kaki,
tuwin Dewi Ismaya,
wau badhenipun,
nora ngamungken utusan,
angawaki ing Kusniya Malebari,
Ya ta Dewi Ismaya.

10. Marek ing rama matur wotsari,
"Wayah sampeyan Bakdi Ngujaman,
ing nagari Kelan mangke,
eyange sampun kukum,
wus linabuh tengah jaladri,
tilare raja Kelan,
pinaringken sampun,

dhateng ing wayah paduka,
nanging boten jinenengaken narpati,
satriya geng kewala.

11. Amung wayah tuwan Parangakik,
pun Jayusman angluwari ujar,
pasrahe mara tuwane,"
Ngandika prabu sepuh,
"Putuningsun ingsun wuwuhi,
parabe ing karajan,
Hiya Sultan Agung,
Jayusman Samsu Murijal,
kang ngadhaton ing Kusniya Malebari,
sira nuli mangkata."

12. Pinaringan makutha bukasri,
pusaka saking nagari Ngajerak,
kalpika sarta badhonge,
sesotyane pinunjul,
pitung atus kembaran sisih,
lamun den ajenana,
ing makutha iku,
aji sangang atus yuta,
mawi kikmat kasekten pusakaning jin,
budhal Dewi Ismaya.

13. Kang andherek kathah kang para jin,
ambekta bala nem likur yuta,
napak ing nggena kabeh,
praharaha gora riwut,
gumaludhug maruta tarik,
pratandha jin lalampah,
riwut siwat-siwut,
musus ingkang bayu bajra,
aliweran dhedhet tedhuh ing wiyati,
geger dhemit alasan.

14. Liniwatan dhedhemit priyayi,

marma ngili ajrih pinet tundhan,
anggendhong ngater lakune,
milane kawur-kawur,
jin alasan samya malencing,
mangkana lampahira,
wadya jin penganjur,
kathah ingkang sampun prapta,
jin pangarsa ing Kusniya Malebari,
kacatur pitung dina.

15. Prahara angin gora wor riris,
dupi sampun prapta pitung dina,
Ismayawati praptane,
umres ingkang rum-arum,
samya eram ingkang para ji,
kang anyar durung mulat,
ing pratingkahipun,
kang wus lami para raja,
malah samya tamuwan pawong sanak jin,
pinanggihan jro gubah.

16. Ya ta Wong Agung aneng jro puri,
para garwa ngandikan sadaya,
miwah para ratu kabeh,
wruh kan rayi mah rawuh,
ganda pedhes kang awor riris,
ing ngarsa ganda dupa,
ing wuri ganda rum,
arume kang kembang-kembang,
awor pedhes pratandha celak sang putri,
tan antara Sang Retna.

17. Prapta niyub lajeng manjing puri,
minkis kijab ing netra katingal,
ngabekti aneng padane,
para garwa kumrubut,
ngabekti mring kang lagya prapti,

gantya kang paraputra,
kumrubut angujung,
ing ibu retna Ismaya,
wusnya tata ing papan panggonan linggih,
Matur Retna Ismaya.

18. "Salamipun bapa njeng Kiyahi,
sigra andheku Sang Kakungingrat,
lan punika peparinge,
dhateng ing wayahipun,
pusakane madeg narpati,
badhong lawan matuha,
lan kalpikanipun,
punika kang sotya mapan,
anakane nenggih kang malukat gaib,
kagungan jeng Suleman.

19. Andikane ramanta Kiyahi,
mawi sawab inggih sawatara,
miwah makutha badhonge,
lan malih welingipun,
ingkang eyang anjujuluki,
paparabing karajan,
nenggih Sultan Agung,
Jayusman Samsu Murijal,
kang ngadhaton ing Kusniya Malebari,"
ndheku Sang Kakungingrat.

20. Kurmat ndheku saha waspa mijil,
dangu-dangu mesem angandika,
"Heh yayi Sudara kiye,
nugrahan geng rawuh,
ingkang eyang amusakani,
kapraboning karajan,
besuk Soma ngayun
anggekna ing putranira,"
nembah tampi raja putri Parangakik,

wau ta lajeng dhahar.

21. Wus sampurna sakathahing pikir,
nuju praptane ing dina Soma,
ing ngriku pan bawahane,
badhe ngadege ratu,
Raden Eseh Wahas wus prapti,
tuwin ngerig pandhita,
saking gunung-gunung,
ngulama para syuhada,
andaledeg saking gunung wukir-wukir,
aglar ing panangkilan.

22. Para ratu satriya dipati,
Hulubalang kang mantri tampingan,
wong Kusniya prapta kaabeh,
pinepakaken wau,
sipat mantrining para aji,
tan ana kang kantuna,
ing pakuwonipun,
supenuh kang para raja,
punggawane satriyane sipat mantri,
paseban lir samodra.

23. Pra pandhita ewon ingkang prapti,
sampun mijil sang Surajengjagad,
sarwi anganthi putrane,
wusnya tata alungguh,
Ki Seh Wahas ingkang sinandhing,
kering para pandhita,
kanan para ratu,
ing ngarsa Sri Bawadiman,
Harya Makta Adipati Guritwesi,
mbanjeng kang para putra.

24. Para ratu wadana nambungi,
sawurine ingkang para putra,
para purtri sawurine,

wong Agung kang tetelu,
ingkang celak Sang Jayengmurti,
Marmaya Arya Maktal,
Bawadiman Prabu,
Wong Agung Surayengjagad,
angandika mring sagunging para aji,
lawan para pandhita.

25. "Estrenana sakathahe sami,
putraningsun hiya ki Jayusman,
ing mangke sun adegagke,
jumeneng ratu agung,
neng Kusniya ing Malebari,
jujuluking nalendra,
hiya Sultan Agung,
Jayusman Samsu Murijal,
kang ngadhaton ing Kusniya Malebari,
lan pasrahe kang rama.

26. Patih Ngaenan Kami Bunandir,
dening isen-isening wijohan,
ing Kulub raja Kalbujer,
kalawan malihipun,
ing Kalkiyah raja Dukyadis,
raja Dukyadis lawan,
sang prabu ing Ngusur,
iki isening wijohan,
senapati prajurit panata baris,
katri manggalaning prang."

27. Ngestokaken sagung kang para ji,
pra pandhita ngestreni sadaya,
jumurung andongakake,
luhure adegipun,
neng Kusniya ing Malebari,
Mijil wastra tigasan,
saking kutha mbrubul,

atumpuk neng panangkilan,
pira-pira sanggen-enggen kadi wukir,
maksih nggili kang prapta.

28. Lan talaman saking jroning puri,
dhinawuhken dhateng para raja,
talam kencana kabehe,
kang maring punggawagung,
sagung talam suwasa sami,
maring mantri salaka,
mangkana winuwus,
lalarih mbanjeng timbalan,
pira-pira muliyaning kang binagi,
leksan ingkang talam mas.

29. Kethen talam suwasa binagi,
sagung tadhahan bebas sadaya,
kang wastra mring wadya kabeh,
datan kena winuwus,
bawahane kang madeg aji,
wutah donya awendran,
wus tan kena ngetung,
yutan abaran akirnan,
wus samekta pandhita kang atur idi,
sampurnaning bawahan.

30. Lajeng kasukan sagung para ji,
panangkilan Wong Agung ngadhatyan,
lan kang putra ratu anem,
sapraptaning kadhatun,
ingkang putra kinen ngabekti,
mring kang ibu Ngajerak,
umangsah angujung,
ingaras ingkang mustaka,
wusnya nembah ing ibu Ismayawati,
nulya ibu sadaya.

31. Ingkang ibu Ismaya nedhaki,

mring puranira wau sang nata,
kang umadeg sultan anom,
sagung kang para ibu,
ngiring Dewi Ismayawati,
prapta gupuh tumedhak,
rawuhing kang ibu,
apan wawrat sepuh lagya,
sira Dewi ratu nem Kun-amaryati,
sigra mangsah manembah.

32. Ibu sadaya den kabekteni,
wusnya sami alenggah sadaya,
Ismaya lon pandangune,
"Pira ta nimbok mantu,
wawratanmu? "sigra nambungi,
Sudarawreti nembah,
"Sampun sangang tengsu."
Gumujeng sarwi ngandika,
mring wawratan raja putri Parangakik,
"Heh sira iku jabang,

33. metua saking guwa garba glis,
sumiwia marang eyangira,
mumpung atedhak marene,
kongsia kondur iku,
beyanana nem atus kethi,
mangsa ta kelakona,
tedhake eyangmu?"
gumujeng kang amiarsa,
wusnya tata pepundhutanira mijil,
kang sarwa rum sadaya.

34. Olah-olahan saking cara jin,
rame dhadharan kang para garwa,
Ingkang winarna ramene,
sanagara gumuruh,
wong Kuparman lawan wong bumi,

watara pitung dina,
suka-suka nutug,
wau prameswarinira,
Sultan anem ing Kusniya Malebari,
mbabar miyos priya.

35. Tinedhakan eyang Jayengmurti,
kaliyan eyang Dewi Ismaya,
miwah kang eyang Sultan Seh,
kang mangun pandhita gung,
Raden Wahas tumut nedhaki,
kang jabang bayi sigra,
pinundhut pinangku,
"Yayi sira parabana,
putunira iki nganti ing sireki,"
matur Retna Ismaya.

36. "Raden Sayiddiman ta puniki,
Raden Makmur Nurkarbi Kusniya,"
nuli kang Ngajrake,
pan kathah paringipun,
sampurnane pratingkah neki,
kuneng wau sang Nata,
Dewi lan kang ibu,
apamitan lan kang raka,
Ngalilani Wong Agung Surayengbumi,
kondur marang Ngajerak.

37. Rajeng Suwangsa raja Jaswadi,
rajeng Biraji sang rajeng Miswan,
lan Raden Minsar putrane,
kantun pamit atunggu,
mring kang putra sawadyaneki.
Wau ta sang pandhita,
amit adhudhukuh,
mring pulo Barjah kalawan,
Raden Eseh Wahab arsa anjenengi,
mangun menedi papan.

38. Padhepokane ing Arga Puri,
ing pulo Barjah mindha kadhatyan,
wukir kang radin sitine,
prenah dhepokanipun,
makam Adam kang den enggeni,
kang kiwa Bawadiman,
kang tengen winangun,
dene ki Seh Raden Wahas,
kang kinarya padhepokanira sami,
wukir rineka pura.

39. Pan tigang jam lelongkangireki,
nggene ki Seh Raden Wahas ika,
apan ler padhepokane,
pan sami rakitipun,
sri rerenggan kang sarwa sari,
botrawine amalang,
angubengi dhukuh,
kunang kang tetep martapa,
Kawuwusa ing Kusniya Malebari,
mucung Sang Kakungingrat,

XXXIII. NGARAB KADHATENGAN MENGSAH

Pucung

1. Badhe kondur maring Kuparman Wong Agung,
   angundhangi bala,
   kusuma Sudarawreti,
   anenggani putra neng nagri Kusniya.

2. Ingkan tumut kondur Sang Retna Marpinjun,
   lan putri Karsinah,
   Retna Sirtupelaeli,
   saputrane tumut kondur mring Kuparman.

3. Lawan tumut putri Kuwari lan sunu,
   mring nagri Kuparman,
   Rahaden Hasim Kuwari,
   ingkang putra Rahaden Bakdi Ngujaman.

4. Kinen mantuk dhateng ing Kelan rumuhun,
   Yen wus tigang warsa,
   nusula mring Kuparmani,
   asranga lan ibu Retna Sudara.

5. Lan sang prabu Kusniya sareng anusul,
   dadya kang titah,
   mangkana kang para aji,
   apan sareng budhale ungkur-ungkuran.

6. Tan winuwus ing lampah mung praptanipun,
   nagari Kuparman,
   angadhaton sagarweki,
   para ratu angadhaton sowang-sowang.

7. Lagya rawuh para ratu ingkang kantun,

kang tengga nagara,
pan arsa den parentahi,
pan akarya rakit dalem pura gangsal.

8. Kilenipun kang kalih kang para ratu,
ingkang sinaosan,
Sultan anem Malebari,
lawan ingkang putra rayi Raden Rustam.

9. Wetanipun tetiga saosanipun,
nenggih Raden Ruslan,
lan pangeran Kaelani,
Raden Hasim Kuwari tumut neng wetan.

10. Wonten wuwus kadi sareng lampahipun,
tinata ing kandha,
sayekti ginawe genti,
wonten ratu ageng prawira digdaya.

11. Ratu wudhu tanpa tandhing ing prang pupuh
prajurite kathah,
ing Polat prajanireki,
ajujuluk sang raja Kuwari Usman.

12. Pan anglurug, nagari Mekah jinujug,
sedya ambebahak,
tigang yuta wadayaneki,
kulit pethak jinise Kuwari Usman.

13. Pan angrungu sirnane sang Jayengsatru,
aprang lawan raja,
ing Dhayak mungsuh dhedhemit,
Yaplullawal kang numpes sang Jayengrana.

14. Milanipun wanine karya angridhu,
sanadyan uripa,
Wong Agung Surayengbumi,
dhasar nedya ngayoni ngaben prawira.

15. Dedegipun pitung puluh gas sang prabu,
lajeng ngepung Mekah,
anjarah ambeboyongi,
abusekan gegere kang ngungsi kitha.

16. Sami tutup wong mekah sakethengipun,
katuju pra kadang,
katiga pra samya prapti,
ingkang sami andherek Sultan Kuparman.

17. Pan ingutus ing rayi Sang Jayengsatru,
angirim jarahan,
mring sagunging pakir miskin,
ingkang sami aneng jro nagari Mekah.

18. Rembatipun tigang leksa cacahipun,
binagi martiga,
saduman mring pekir miskin,
kang saduman mring kang tunggu lawang kitha.

19. Ingkang kantun saduman sentananipun,
putra Mekah ingkang
tetiga kang lagya prapti,
prajurite patayare anyaleksa.

20. Dadi cukup anadhahi mungsuh rawuh,
inggih ingkang prapta,
tuwa Raden Abutalip,
ingkang rayi Rahaden Aris Bulahab.

21. Arinipun nama Raden Abdulsamsu,
sadaya kang raka,
mring Wong Agung Jayengmurti,
sami daweg yen aprang wonten ing Mekah.

22. Yen anglurug tan wonten ingkang den adu,
andhandhang magut prang,
sanget ajrih ingkang rayi,
boten arsa Wong Agung Surayengjagad.

23. Kang puniku mangsa tiwasa prang mupuh,
darahing prawira,
kang putra Nabi Ismangil,
Menak Kendar luluhunge prawireng prang.

24. Duk puniku wong Mekah tan ana metu,
saking palataran,
wau denira nadhahi,
rame prang lan raja Kuwari Usman.

25. Wonten sunu ing Mekah laire kantun,
wuragile kadya,
nama Raden Mir Anjilin,
apan lagya umur kawan welas warsa.

26. Pan puniku Raden Mir Anjilin kudu,
miyosi prang jaba,
nanging tan ana nuruti,
sami aprang saking salebeting kitha.

27. Wonten nengguh satriya ageng lelaku,
rong kethi kang wadya,
nama Raden Banu Arli,
pan puniku Marmadi kang darbe suta.

28. Patutipun randhaning jobin rumuhun,
lan Raden Marjaman,
sanes ibu Mukabumi,
tunggil ibu kalawan Dewi Lul Jahar.

29. Ramanipun Jobin Lul Jahar rumuhun,
Luljahar kagarwa,
nguni Raden Maryunani,
Banu Arli lan Umar Madi patutan.

30. Praptanipun saking Kaos nagareku,
tutuwi mring kadang,
sanes rama tunggil bibi,
marginipun malipir paminggir Mekah.

31. Lampahipun katanggor pakuwon agung,
pangarsaning lampah,
umatur yen wonten baris,
ngepung Mekah Si Polat Kuwari Usman.

32. Embanipun sundhulane ingkang ibu,
ing nguni boyongan,
yeku putra Mukabumi,
Emban paṁan Raden Wajahjami nama.

33. Duḳ angrungu panganjure kinen mundur,
"Aja kajarahan,
mbok iku mungsuh nyidrani,
raja Polat cidra Sri Kuwari Usman."

34. Wus angumpul raja putra mantrinipun,
prajurite samya,
ngumpul sadaya tinari,
"paman Wajahjami paran budinira.

35. Mungsuh iku sedyane aprang anambuh,
Mekah ana apa,
yen nedya perang sayekti,
sayektine nusul mring nagri Kuparman.

36. Lon umatur kang paman "penede iku,
wong menangi buja,
pagene dipun singgahi,
inggih daweg binukti sakelar-kelar.

37. Jer puniku nyidrani ing gustiningsun,
Payo cinidranan,
ginitik ing mengko bengi."
Wajah jami angling "iku dudu lampah.

38. Rina iku pinaguta pinrih bingung,
binawur dahana,
pakuwon sinawat geni,
boten nistha animbangi mungsuh cidra."

39. Sampun putus pakewuh ingkang rinembug,
mung ngamuk kewala,
wadya jro Mekah sayekti,
nunten mirsa tulung prang mengakken lawang.

40. Lamun uwus ing jaba lan ing jro kumpul,
sayekti prang tata,
angaben sami prang tandhing,
nadyan silih sumengka mangsa mundura."

XXXIV. RADEN BANU ARLI NULUNGI WADYA ARAB

Durma

1 Wus samekta pinethet prajuritira,
Rahaden Banu Arli,
wadya nitih kuda,
kawan leksa sadaya,
neng wana atata baris,
pangiris lampah,
kang paman Wajahjami.

2. Kalih ewu prajurite mangsah aprang,
kang jaba angobongi,
pakuwoning mengsah,
sawusnya rakit dadya,
tengara umung thongthong grit,
mangsah anunjang,
gumuruh suraknya tri.

3. Mungsuh lagya jeng-ajengan mring jro kitha,
kagyat prapta ing wuri,
kang mungsuh anunjang,
prapta ngamuk ing wuntat,
lan ana ingkang ngobongi,
geni wus mubal,
prajurit ngamuk wani.

4. Raden Wajahjami lawan ingkang putra,
Rahaden Banu Arli,
rampak ngamuk nengah,
marani nggoning raja,
kotbuta nempuh angungkih,
enggoning raja,
tinunjang anadhahi.

5. Rame uleng-ulengan pamoring aprang,
prajurit ing Kohkarib,
sami antuk papan,
ngiwut angidak nujah,
wus katahah antuk pepati,
bala jro kitha,
kang munggeng pánggung sami.

6. Raden Arisbulahab waspadeng tingkah,
Ngabdul Samsu ningali,
lamun ana raja,
ngamuk saking ngiringan,
Wadya Mekah mbukak kori,
prajurit medal,
samya anempuh wani.

7. Wajahjami mangsiti prajuritira,
yen bala Mekah mijil,
minger awor sigra,
wus kadya sinaringan,
mungsuh rowang kang miranti,
pamore uwal,
wus golong bagi-bagi.

8. Wus apajeg mungsuh baris lawan rowang,
kapang-kapang kang baris,
tinata kalangan,
senapati tan ana,
ing reh ingkang misesani,
Dipati Mekah,
ngamungken para siwi.

9. Datan ana ingkang lenggah ing wijohan,
sadaya munggeng kursi,
apapak kewala,
tan ana luhur andhap,
amung kang sepuh sakedhik,
Arisbulahab,

kalawan Abu Talib.

10. Ngabdul Samsu kalawan Amir Umiya,
Raden Amir Anjilin,
Kohkarib narpatma,
kalawan ingkang paman,
sira raden Wajahjami,
apan sadaya,
kang sami munggeng kursi.

11. Baris Polat wus tata punggawanira,
munggeng ngamparan rukmi,
kang ndarbeni lampah,
raja Kuwari Usman,
punggawaning kang para ji,
aglar ing ngarsa,
suratira wus prapti.

12. Mring barise wong Mekah wus katampanan,
suratira Saiig Aji,
Sri Kuwari Usman,
binukeng pra santana,
tetembunge kang kinteki,
"Apa wong Mekah,
siji tan ana janmi?

13. Apa anjing kewala kang ana,
dene cidra ing jurit,
hiya eling sira,
sun gawe karang abang,
tan wurung prajanireki,"
Wus ingangsulan,
surate Sri Bupati.

14. Ratu Polat sang raja Kuwari Usman,
duta tan dangu prapti,
angsal wangsulan srat,
binuka tembungira,

MILIK PERPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPDIKBUD

"Heh rajeng Polat sireki,
yen bala Mekah,
anut cidranireki.

15. Dene sira ratu gedhe tambung lampah,
mamak tan darbe kuping,
yen nagari Mekah,
senapati tan ana,
mung wong wadon bocah cilik,
yeku kang ana,
yen sira arsa jurit.

16. Pasthi nusul marang nagari Kuparman,
wong sepi den parani,
mengko balanira,
keh rusak dening bocah,
iku putra ing Kohkarib,
metu prawira,
hiya si Banu Arli.

17. Hiya sira kang gawe tuwa maring wang,
saking cidranireki,
dadi raganingwang,
metu teka ing bocah,
manjing ing wong tuwa mangkin,
kabeh wong Mekah,
wus mari rare cilik.

18. Metu saking pasamuwan sing-atiwas,
mengko padha manjingi,
hiya pasamohan,
ingkang luwih utama,
wit saking praptanireki,"
sang rajeng Polat,
asmara duk miarsi.

XXXV. TATA TATA BADHE MANGSAH PRANG

Asmarandana

1. Nateng Polat gya anangis,
sarwi anungkemi layang,
ngumpulaken punggawane,
ingkang para hulubalang,
prajurit para nata,
wonten wewolu kang sepuh,
Andele Kuwari Usman.

2. Andeling prang andel pikir,
kang nama raja Duwelah,
kalawan raja Jangkuwes,
raja Danider puniku,
miwah sang raja Satlam,
raja Derlandrek puniku,
lawan raja Menirjundap.

3. Raja Sapaldan Tinahin,
Bureng lan raja Indriyan,
anyelak mbekta kursine,
serat gantya tinupiksa,
ana kang nuli mojar,
"Puniki pikir satuhu,
caraning ratu mangun prang.

4. Jer paduka sanget sisip,
kutha sepi kang kinepang,
mangke anemu mangkena,
Nusula maring Kuparman,
mangsa den ladenana,
memungsuhan lan Wong Agung,

angur suwita tinemah.

5. Lawan bala paduka ji,
punika wus kathah risak,
mapan ta sampun kalakon,
inggih ta sadasa-dasa,
untung ilanging lampah,
tembunge serat puniku,
nglelingsemi ing paduka.

6. Sang nata ngandika wengis,
"Mangsulana srat panantang,
ingsun tan arsa binalek!"
prapta nggone baris Mekah,
panantange kang munggah,
mupakat prang tandhing gupuh,
sahanane bobocahan.

7. Sigra miyosi ngajurit,
Rahaden Aris Bulahab,
anitin turangga kawot,
sakapraboning ayuda,
prapta papan susumbar,
"Heh payo metua gupuh,
ing kene padha prakosa."

8. Wong Mekah surake atri,
wong Kohkarib awurahan,
Wong Polat raja Derlandrek,
umangsah nitih turangga,
nander prapteng payudan,
ayun-ayunan sru muwus,
"Wong Mekah sapa ranira?"

9. Asru denira nauri,
"Ngong Raden Aris Bulahab,
Lah sira sapa arane?"
"Ya ingsun adeling Polat,

Derlandrek araningwang,
Payo apa na sireku!"
Ngling Raden Aris Bulahap.

10. "Dudu watak andhingini,
ing ayudha caraningwang,"
